QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASÍ
STATISTIKA BASQARMASÍ

# Qaraqalpaqstan Respublikasınıń sanaat islep shıǵarıwı

## 2022- jıl yanvar-oktyabr ayları
(dáslepki maǵlıwmat)



Tel.: 61-222-75-87

www.qrstat.uz

*2022- jıl yanvar-oktyabr aylarında*




Dáslepki maǵlıwmatlar boyınsha 2022-jıldıń yanvar-oktyabr aylarında Qaraqalpaqstan Respublikası kárxanaları tárepinen 14305,3 mlrd. sumlıq sanaat ónimleri islep shıǵarılǵan bolıp, 2021- jıldıń yanvar- oktyabr aylarına salıstırǵanda sanaat islep shıǵarıw fizikalıq kólemi indeksi* 100,8 % ti quradı.







Sanaat islep shıǵarıw quramında eń úlken úles islep shıǵaratuǵın (qayta isleytuǵın) sanaatqa tuwrı kelip, onıń jámi sanaat islep shıǵarıwdaǵı úlesi (85,1 %) ti quradı.




* Sanaat islep shıǵarıw fizikalıq kólemi indeksi islep shıǵarılǵan ónimler (isler, xızmetler) kóleminiń sáykes dáwirdegi ózgeriwin anıqlawshı salıstırma kórsetkish.

Jámi sanaat islep shıǵarıw fizikalıq kóleminiń ósiwine tiykar bolıp, islep shıǵaratuǵın (qayta isleytuǵın) sanaattıń - 1,4 % ke, suw menen támiyinlew, kanalizaciya sisteması, shıǵındılardı jıynaw hám utilizaciya qılıw – 15,6 % ke ósiwine xızmet etti. Sonday-aq, taw-kán sanaatı hám ashıq kánlerdi islew– 0,6 % ke elektr, gaz, puw menen támiyinlew hám hawanı konditciyalaw – 4,4 % ke kemeygenligi gúzetildi.

## Taw-kán sanaatı hám ashıq kánlerdi islew







Taw-kán sanaatı hám ashıq kánlerdi islew kárxanaları tárepinen 2022- jıldıń yanvar-oktyabr aylarında islep shıǵarılǵan ónimler kólemi 106,6 mlrd. sumdı yamasa jámi islep shıǵarılǵan ónimler kóleminiń 0,7 % tin quradı.



# Taw-kán sanaatı hám ashıq kánlerdi islewde iri sanaat kárxanaları tárepinen ayırım túrdegi sanaat ónimlerin islep shıǵarıw

*2022- jıldıń yanvar-oktyabr aylarında*

Ótken jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda, % te

**Hák tas**




**Tabiyiy gaz**




| Sanaat ónimleri | 2021- jıl yanvar-oktyabr | 2022- jıl yanvar-oktyabr | Ayırması +/- |
|---|---|---|---|
| Hák tas, mıń t. | 129,4 | 191,7 | 62,3 |
| Tabiyiy gaz, mln. kub.m. | 1653,0 | 1125,4 | -527,6 |

**Gaz kondensatı**




| Sanaat ónimleri | 2021- jıl yanvar-oktyabr | 2022- jıl yanvar-oktyabr | Ayırması +/- |
|---|---|---|---|
| Gaz kondensatı, mıń t. | 74,3 | 67,3 | - 7,0 |

*2022- jıldıń yanvar-oktyabr aylarında*







2022- jıldıń yanvar-oktyabr aylarında islep shıǵaratuǵın sanaat kárxanaları tárepinen islep shıǵarılǵan ónimler kólemi 12401,5 mlrd. sumdı yamasa jámi sanaat ónimleriniń 85,1 % tin quradı







Ótken jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda islep shıǵarılǵan sanaat quramında joqarı texnologiyalı tarmaqtıń úlesi 0,2 % ti (2021- jıl yanvar-oktyabr 1,2 %), orta-joqarı texnologiyalı – 61,6 % (63,6 %), orta-pás texnologiyalı 4,8 % (4,5 %) hám pás texnologiyalısı – 33,4 % (30,7 %) ti quradı.



Jámi islep shıǵaratuǵın sanaat quramında ximiyalıq ónimlerdi, rezina hám plastmassa buyımların islep shıǵarıwdıń úlesi – 62,1 % (2021- jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda fizikalıq kólemi indeksi 101,9 %), azıq-awqat hám ishimlik ónimlerin islep shıǵarıwdıń úlesi – 16,4 % (2021- jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda fizikalıq kólemi indeksi 104,5 %), toqımashılıq, kiyim, teri ónimlerin islep shıǵarıwdıń úlesi – 15,2 % (2021- jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda fizikalıq kólemi indeksi 96,7 %), basqa metall emes mineral ónimlerin islep shıǵarıwdıń úlesi – 3,6 % (2021- jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda fizikalıq kólemi indeksi 127,5 %) quradı

Islep shıǵaratuǵın sanaatta iri sanaat kárxanaları
**tárepinen ayırım túrdegi ónimlerdiń ósim páti**

Ótken jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda, % te



2022- jıldıń yanvar-oktyabr aylarında islep shıǵaratuǵın sanaatta 28,2 mıń tonna paxta talası (2021- jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda 20,2 % ke), 241,4 mıń tonna portlandcement (12,8 %), 39,0 mıń tonna paxta shigiti (12,2 %) iislep shıǵarılıp, joqarı ósim páti gúzetildi. Sonıń menen birge , 1,4 mıń tonna tazalanǵan gúrish (2,6 %), 12,0 mıń tonna paxtadan iyirilgen jip (11,0 %), 92,3 mıń tonna jumsaq biyday hám spelta unı (9,0 % ), 2922,9 mıń litr araq (10,9 %) hám 2,6 mıń tonna tazalanǵan ósimlik mayı (50,1 %) islep shıǵarılıp, 2021- jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda ósim páti páseygenligi gúzetildi.

## Islep shıǵaratuǵın sanaatta iri sanaat kárxanaları tárepinen ayırım túrdegi ónimlerdi islep shıǵarıw

| Sanaat ónimleri | 2021- jıl yanvar-oktyabr | 2022- jıl yanvar-oktyabr | Ayırması +/- |
|---|---|---|---|
| Araq, mıń litr 100 % li spirt | 3281,2 | 2922,9 | -358,3 |
| Ósimlik mayı (tazalanǵan), t | 5172,1 | 2579,3 | - 2592,8 |
| Paxta talası,t | 23462,8 | 28205,0 | 4742,2 |
| Jumsaq biyday hám spelta unı t. | 101387,8 | 92259,7 | - 9128,1 |
| Polietilen, mıń t. | 251,3 | 250,3 | - 1,0 |
| Polipropilen, mıń t. | 71,4 | 70,3 | -1,1 |

## Metallurgiya sanaatı

Islep shıǵaratuǵın sanaat quramında 2021- jıldıń yanvar-oktyabr aylarında metallurgiya sanaatınıń úlesi 0,04 % ti, onıń fizikalıq kólem indeksi 189,5 % ti quraǵan bolsa, 2022- jıldıń yanvar-oktyabr aylarında, metallurgiya sanaatınıń úlesi 0,01 % ti quradı, ótken jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda fizikalıq kólem indeksi 42,5 % ke ósti hám islep shıǵarıw kólemi 1,8 mlrd. sumdı quradı




## Basqa metal emes mineral ónimlerin islep shıǵarıw




2021- jıldıń yanvar-oktyabr aylarında islep shıǵaratuǵın sanaat quramında basqa metall emes mineral ónimlerin islep shıǵarıwdıń úlesi 3,2 % ti, onıń fizikalıq kólem indeksi 98,0 % ti quraǵan bolsa 2022-jıldıń yanvar-oktyabr ayları juwmaǵına bola, bbasqa metall emes mineral ónimlerin islep shıǵarıwdıń islep shıǵaratuǵın sanaattaǵı úlesi 3,6 % ti tquradı, ótken jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda fizikalıq kólem indeksi 127,5 % ti hám islep shıǵarıw kólemi 446,7 mlrd. sumdı quradı.

## Azıq-awqat , ishimlikler ónimlerin islep shıǵarıw

2021- jıldıń yanvar-oktyabr aylarında islep shıǵaratuǵın sanaat quramında azıq-awqat ónimlerin islep shıǵarıwdıń úlesi 15,3 % ti, onıń fizikalıq kólem indeksi 103,4 % ti quraǵan bolsa, 2022- jıldıń yanvar-oktyabr ayları juwmaǵına kóre, azıq-awqat ónimlerin islep shıǵarıwdıń úlesi 16,4 % ti quradı, ótken jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda fizikalıq kólem indeksi 104,5 % ti hám islep shıǵarıw kólemi 2037,6 mlrd. sumdı quradı.



## Tiykarģı farmacevtika ónimlerin islep shıģarıw

2021- jıldıń yanvar-oktyabr aylarında islep shıģaratuģın sanaat quramında tiykarģı farmacevtika ónimleri ishlep shıģarıwdıń úlesi 0,3 % ti, fizikalıq kólem indeksi bolsa 116,0 % ti quraǵan, 2022-jıldıń yanvar-oktyabr ayları juwmaǵına bola, tiykarģı farmacevtika ónimleri ishlep shıģarıwdıń úlesi 0,2 % ti quradı, ótken jılǵa salıstırǵanda fizikalıq kólem indeksi bolsa 78,3 % ti hám islep shıģarıw kólemi 23,1 mlrd. sumdı quradı.




## Toqımashılıq ónimleri, kiyimler, teri hám oǵan tiyisli ónimler islep shıǵarıw




2021-jıldıń yanvar-oktyabr aylarında islep shıǵaratuǵın sanaat quramında toqımashılıq ónimlerin islep shıǵarıwdıń úlesi 15,3 % ti quraǵan bolsa, onıń fizikalıq kólem indeksi 113,5 % ti quraǵan.

Sonday-aq, 2022-jıldıń yanvar-oktyabr aylarında toqımashılıq ónimlerin islep shıǵarıwdıń úlesi 15,2 % ti quraǵan bolsa, fizikalıq kólem indeksi 3,3 % ke kemeygen bolsa, islep shıǵarıw kólemi 1885,0 mlrd. sumdı quradı.

## Aǵash hám qalqı buyımları, paqal hám toqıw ushın materiallardan jasalǵan buyımlar, qaǵaz hám qaǵaz ónimleri, mebeller islep shıǵarıw

2021-jıldıń yanvar-oktyabr ayları juwmaǵına bola aǵash ónimlerin islep shıǵarıw sanaattınıń islep shıǵaratuǵın sanaat quramındaǵı úlesi 1,2 % ti, onıń fizikalıq kólem indeksi 113,8 % ti quraǵan bolsa, 2022-jıldıń yanvar-oktyabr aylarında islep shıǵaratuǵın sanaattaǵı úlesi 1,2 %, fizikalıq kólem indeksi 141,7% ti, islep shıǵarıw kólemi 148,8 mlrd. sumdı quradı.



## Ximiyalıq ónimler, rezina hám plastmassa buyumların islep shıǵarıw

2021-jıldıń yanvar-oktyabr ayları juwmaǵına bola, ximiyalıq ónimlerdi islep shıǵarıw sanaatınıń islep shıǵaratuǵın sanaattaǵı úlesi 63,6 % ti quraǵan, fizikalıq kólem indeksi bolsa 111,0 % ti quraǵan.

Sonday-aq, 2022-jıldıń yanvar-oktyabr aylarında islep shıǵaratuǵın sanaattaǵı úlesi 62,1 % ti, fizikalıq kólem indeksi 101,9 % ti quradı, islep shıǵarıw kólemi bolsa 7707,3 mlrd. sumdı quradı.




## Koks hám neftti qayta islew ónimlerin islep shıǵarıw




2021-jıldıń yanvar-oktyabr ayları juwmaǵına bola, koks hám neftti qayta islew ónimleri islep shıǵarıw sanaatınıń islep shıǵaratuǵın sanaattaǵı úlesi 0,1 % ti quraǵan, fizikalıq kólem indeksi bolsa 314,8 % ti quraǵan. Sonday-aq, 2022- jıldıń yanvar-oktyabr aylarında islep shıǵaratuǵın sanaattaǵı úlesi 0,1 % ti, fizikalıq kólem indeksi 182,7 % ti quradı, islep shıǵarıw kólemi bolsa 18,4 mlrd. sumdı quradı.

## Jazılǵan materiallardı basıp shıǵarıw hám sáwlelendiriw

2021-ıldıń yanvar-oktyabr ayları juwmaǵına bola, jazılǵan materiallardı basıp shıǵarıw hám sáwlelendiriw sanaatınıń slep shıǵaratuǵın sanaattaǵı úlesi 0,04 % ti quraǵan, fizikalıq kólem indeksi bolsa 279,3 % ti quraǵan.

Sonday-aq, 2022-jıldıń yanvar-oktyabr aylarında islep shıǵaratuǵın sanaattaǵı úlesi 0,1 % ti, fizikalıq kólem indeksi 668,1 % ti quradı, islep shıǵarıw kólemi bolsa 12,1 mlrd. sumdı quradı.



## Elektr, gaz, puw menen támiyinlew hám hawanı kondiciyalaw

Elektr, gaz, puw menen támiyinlew hám hawanı kondiciyalaw kárxanaları tárepinen islep shıǵarılǵan ónimler kólemi 1697,4 mlrd. sumdı (jámi islep shıǵarılǵan ónimler kóleminiń 13,6 % tin) quradı.

2022-jıldıń yanvar-oktyabr aylarında, sanaattıń usı tarmaǵında elektr energiyanı islep shıǵarıw, uzatıw hám bólistiriw, puw menen támiyinlew sistemaları hám hawanı kondiciyalaw ótken jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda fizikalıq kólem indeksi 95,6 % ti quradı.

yanvar-oktyabr
mlrd. sum




yanvar-oktyabr
FKI, % te




### Elektr, gaz, puw menen támiyinlew hám hawanı kondiciyalaw kondiciyalaw tarawında iri sanaat kárxanaları tárepinen sanaat ónimlerin islep shıǵarıw

| | 2021- jıl yanvar-oktyabr | 2022- jıl yanvar-oktyabr | Ayırması +/- |
|---|---|---|---|
| Elektroenergiya, mln.kVt.s | 4,2 | 4,4 | 0,2 |
| Issılıq energiyası, mıń gkal | 44,0 | 35,2 | - 8,8 |

## Suw menen támiyinlew, kanalizaciya sisteması shıǵındılardı jıynaw hám utilizaciya qılıw

Suw menen támiyinlew, kanalizaciya sisteması, shıǵındılardı jıynaw hám utilizaciya qılıw kárxanaları tárepinen islep shıǵarılǵan ónimler kólemi 99,8 mlrd. sumdı (jámi islep shıǵarılǵan ónimler kóleminiń 0,6 % tin) quradı







## Suw menen támiyinlew, kanalizaciya sisteması, shıǵındılardı jıynaw hám utilizaciya qılıw tarawında iri sanaat kárxanaları tárepinen sanaat ónimlerin islep shıǵarıw

| Sanaat ónimleri | 2021- jıl yanvar-oktyabr | 2022- jıl yanvar-oktyabr | Ayırması +/- |
|---|---|---|---|
| Aǵın suwlardı joq etiw, transportirovka qılıw hám islew beriw boyınsha xizmetler, mln. sum | 6628,2 | 7266,7 | 638,5 |
| Qawipsiz shıǵındılardı jıynaw boyınsha xızmetler, mln. sum | 13211,9 | 14996,5 | 1784,6 |

Ótken jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda aǵın suwlardı joq etiw, transportirovka qılıw hám islew beriw boyınsha xızmetler 9,6 % hám qáwipsiz shıǵındılardı jıynaw boyınsha xızmetler 13,5 % ke óskenligi gúzetildi.

## Tutınıw ónimlerin islep shıǵarıw

Tayar ónimler túrlerin keńeytiriw hám islep shıǵarıwdı qollap-quwatlaw boyınsha ámelge asırılıp atırǵan is-rejeler nátiyjesinde, tutınıw ónimlerin islep shıǵarıw kólemi 2536,3 mlrd. sumdı quradı hám 2021-jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda 110,9 % ti, onıń jámi sanaattaǵı úlesi 17,7 % ti quradı.

### Azıq-awqat ónimleri











Tutınıw ónimlerin islep shıǵarılıwınıń ósim páti respublika ósim páti (110,9 %) darejesinen joqarı kórsetkish Shomanay (156,1 %), Ellikqala (145,4 %), Qaraózek (140,6 %), Ámiwdárya (139,2 %), Moynaq (130,3 %), Xojeli (124,8 %), Nókis (120,0 %) Shımbay (117,8 %) hámde Beruniy (114,1 %) rayonlarında quradı.

Sonday-aq, 2021-jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda ósim páti kórsetkishleri Nókis qalası (90,1 %),Taxtakópir (86,8 %) Kegeyli (95,5 %)

### Aziq-awqat emes ónimler

Tutınıw ónimlerin islep shıǵarılıw quramında azıq-awqat ónimleri 65,4 %, azıq-awqat emes ónimler 34,6 % ti quradı. 2021-jıldıń yanvar-oktyabr aylarında tutınıw ónimleriniń jámi kóleminde azıq-awqat ónimleriniń úlesi 57,5 %, azıq-awqat emes ónimlerdiń úlesi 42,5 % ti quradı.

Sonday-aq, 2021- jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda azıq-awqat ónimleriniń ósim páti 113,3 %, azıq-awqat emes ónimleriniń ósim páti 106,6 % ti quradı.











## Qala hám rayonlar boyınsha tutınıw ónimlerin islep shıǵarıw kólemi, quramı hám ósim páti

Qala hám rayonlar kesiminde tutınıw ónimlerin islep shıǵarıwdıń respublika jámi kólemindegi eń joqarı úles Nókis qalasına tuwrı kelip, 20,3 % ti, sonday-aq, Taqıyatas rayonı 12,3 % ti, Ellikqala rayonı 10,8 % ti, Tórtkúl rayonı 8,8 % ti, Ámiwdárya rayonı 7,3 % ti, Beruniy rayonı 7,0 % ti, Xojeli rayonı 6,9 % ti hám Shımbay rayonı 5,6 % ti quradı.




Qaraqalpaqstan Respublikası

2118,8 mlrd. sum
2020- jıl yanvar-oktyabr

2225,3 mlrd. sum
2021- jıl yanvar-oktyabr

2536,3 mlrd. sum
2022- jıl yanvar-oktyabr






## Qala hám rayonlar boyınsha azıq-awqat emes ónimlerdi islep shıǵarıw kólemi, quramı hám ósim páti

Qala hám rayonlar kesiminde azıq-awqat emes ónimlerin islep shıǵariwdıń respublikadaǵı jámi kólemindegi eń joqarı úles Ellikqala rayonına 20,9 % ti tuwrı kelip, sonday aq, Nókis qalası 15,4 % ti, Tórtkúl rayonı 9,9 % ti, Xojeli rayonı 9,3 % ti, Ámiwdárya rayonı 6,9 % ti hámde Beruniy rayonı 6,1 % ti quradı.












## Qala hám rayonlar boyınsha azıq-awqat ónimlerdi islep shıǵarıw kólemi, quramı hám ósim páti

Qala hám rayonlar kesiminde azıq-awqat ónimlerin islep shıǵarılıwınıń respublika jámi kólemindegi eń joqarı úlesi Nókis qalası na tuwrı kelip 22,8 % ti, sonday-aq, Taqıyatas rayonı 16,9 % ti, Tórtkúl rayonı 8,2 % ti, Ámiwdárya hámde Beruniy rayonları 7,5 % ti, Xojeli rayonı 5,7 % ti, Shımbay rayonı 5,5 % ti quradı.

1248,4 mlrd. sum
2020- jıl yanvar-oktyabr

1279,3 mlrd. sum
2021- jıl yanvar-oktyabr

1657,8 mlrd. sum
2022- jıl yanvar-oktyabr




Jámi tutınıw ónimlerin islep shıǵariw kóleminde azıq-awqat ónimleriniń úlesi






## Qaraqalpaqstan Respublikası qala hám rayonlar kesiminde sanaat islep shıǵarıw kólemleri

Respublikadaǵı sanaat islep shıǵarılıw quramında eń kóp úles Nókis qalası (Respublika sanaat islep shıǵarılıw kóleminiń 55,6 % ti), Taqıyatas (12,4 %), Qońırat (5,0 %), Tórtkúl (3,9 %), Ámiwdárya (3,1 %) hám Beruniy (2,9 %) rayonlarına tuwrı kelmekte.











## Xalıq jan basına tuwrı keletuǵın sanaat ónimlerin islep shıǵarıw

Xalıq jan basına sanaat ónimleri islep shıǵarıwdıń bóliniwi, iri sanaat kárxanaları jaylasıw esabınan Nókis qalasında (23408,9 mıń sum), Taqıyatas (24008,5 mıń sum) rayonında ortasha Qaraqalpaqstan Respublikası dárejesi kórsetkishinen (7300,3 mıń sum) ádewir joqarılaǵanın kórsetpekte.











## Xalıq jan basına tuwrı keletuǵın tutınıw ónimlerin islep shıǵarıw

Qaraqalpaqstan Respublikası boyınsha xalıq jan basına tutınıw ónimleri islep shıǵarıwı 1294,3 mıń sum bolǵanda Taqıyatas rayonında 4126,2 mıń sumdı, Taxtako'pir rayonında 2283,1 mıń sumdı, Ellikqala 1652,0 mıń sumdı, Nókis qalasında 1551,6 mıń sumdı hám Xojeli rayonında 1396,8 mıń sumdı quradı.











## Sanaat ónimleri islep shıǵarıwda kishi biznestiń úlesi

Esabat dáwirinde kishi isbilermenlik subyektleri tárepinen 2788,7 mlrd. sumlıq sanaat ónimleri islep shıǵarılıp, onıń ulıwma islep shıǵarıw kólemindegi úlesi 19,5 % ti quradı

2020- jıl
2344,0 mlrd. sum

2021- jıl
2818,1 mlrd. sum

2022- jıl
2788,7 mlrd. sum



2020- jıl
21,5 %

2021- jıl
22,3 %

2022- jıl
19,5 %



## Qaraqalpaqstan Respublikasında hárekettegi hám jańadan ashılǵan sanaat kárxanaları

Búgingi kúnde respublikada 3508 sanaat kárxanaları háreketté bolıp, sonnan 1983 (hárekettegi kárxanalar ulıwma sanınıń 56,6 %) Nókis qalasına 706 (20,1 %), Tórtkúl rayonına 366 (10,4 %), Ámiwdárya rayonına 311 (8,9 %), Beruniy rayonına 300 (8,6 %), Ellikqala rayonına 300 (8,6 %) tuwrı kelmekte.

Jami jańadan ashılǵan kárxanalar

607 dana
2020- jıl yanvar-oktyabr

669 dana
2021- jıl yanvar-oktyabr

675 dana
2022- jıl yanvar-oktyabr



Jami hárekettegi kárxanalar

2752 dana
2020- jıl yanvar-oktyabr

3301 dana
2021- jıl yanvar-oktyabr

3508 dana
2022- jıl yanvar-oktyabr

